Kuzvarwa kwaJesu kunoziviswa



Tazvarirwa Mwana, tapiwa Mwanakomana. Muprofita Isaya 9:6

Kuzvarwa kwaJesu kunoziviswa

Tazvarirwa Mwana, tapiwa Mwanakomana. Muprofita Isaya 9:6

RUKA 1: 26-38 - *Kuzvarwa kwaJesu kunoziviswa*

26 Mumwedzi wechitanhatu, Mwari akatuma mutumwa Gabhurieri
kuNazareta, guta riri muGarirea, 27 kumhandara yakanga yatsidzira
kuwanikwa nomurume ainzi Josefa, chizvarwa chaDhavhidhi. Zita
remhandara iyi rainzi Maria.

28 Mutumwa akasvika kwaari akati, “Kwaziwa, iwe wakanzwirwa
nyasha zvikuru! Ishe anewe.”

29 Maria akatambudzika zvikuru namashoko ake uye akashamiswa
kuti kukwazisa kwakadai ndekworudzii. 30 Asi mutumwa akati
kwaari, “Usatya, Maria, iwe wanzwirwa nyasha naMwari. 31 Uchava
nomwana uye uchazvara mwanakomana, ugomutumidza zita
rokuti Jesu. 32 Iye achava mukuru uye achanzi Mwanakomana
woWokumusoro-soro. Ishe Mwari achamupa chigaro choushe
chababa vake Dhavhidhi,
33 uye achatonga pamusoro peimba yaJakobho nokusingaperi;
umambo hwake hahungatongogumi.”

34 Maria akabvunza mutumwa akati, “Ko, izvi zvichaitika seiko
sezvo ini ndiri mhandara?”

35 Mutumwa akapindura achiti, “Mweya Mutsvene achauya
pamusoro pako, uye simba roWokumusoro-soro richakufukidza.
Saka mutsvene achazvarwa achanzi Mwanakomana waMwari.
36 Kunyange hama yako Erizabheti achava nomwana pamazuva
okukwegura kwake, uye mwedzi uno ndowechitanhatu kuna iye
ainzi asingabereki. 37 Nokuti hakuna chinhu chisingagonekwi
naMwari.”

38 Maria akati, “Ini ndiri muranda waShe. Ngazviitike hazvo kwandiri
sezvamareva.” Ipapo mutumwa akabva paari.

RUKA 1: 26-38 - *Kuzvarwa kwaJesu kunoziviswa*

26 Mumwedzi wechitanhatu, Mwari akatuma mutumwa Gabhurieri
kuNazareta, guta riri muGarirea, 27 kumhandara yakanga yatsidzira
kuwanikwa nomurume ainzi Josefa, chizvarwa chaDhavhidhi. Zita
remhandara iyi rainzi Maria.

28 Mutumwa akasvika kwaari akati, “Kwaziwa, iwe wakanzwirwa
nyasha zvikuru! Ishe anewe.”

29 Maria akatambudzika zvikuru namashoko ake uye akashamiswa
kuti kukwazisa kwakadai ndekworudzii. 30 Asi mutumwa akati
kwaari, “Usatya, Maria, iwe wanzwirwa nyasha naMwari. 31 Uchava
nomwana uye uchazvara mwanakomana, ugomutumidza zita
rokuti Jesu. 32 Iye achava mukuru uye achanzi Mwanakomana
woWokumusoro-soro. Ishe Mwari achamupa chigaro choushe
chababa vake Dhavhidhi,
33 uye achatonga pamusoro peimba yaJakobho nokusingaperi;
umambo hwake hahungatongogumi.”

34 Maria akabvunza mutumwa akati, “Ko, izvi zvichaitika seiko
sezvo ini ndiri mhandara?”

35 Mutumwa akapindura achiti, “Mweya Mutsvene achauya
pamusoro pako, uye simba roWokumusoro-soro richakufukidza.
Saka mutsvene achazvarwa achanzi Mwanakomana waMwari.
36 Kunyange hama yako Erizabheti achava nomwana pamazuva
okukwegura kwake, uye mwedzi uno ndowechitanhatu kuna iye
ainzi asingabereki. 37 Nokuti hakuna chinhu chisingagonekwi
naMwari.”

38 Maria akati, “Ini ndiri muranda waShe. Ngazviitike hazvo kwandiri
sezvamareva.” Ipapo mutumwa akabva paari.

40-03 The Birth of Jesus Foretold
Poster

www.GodsPeopleStudy.org
Bible Verses are Shona
Ndima dzomuBhaibheri
muchishona chakare